Kominikasyon Avèk Donatè

Rezilta Sa Bay Lè Gen Bonjan Kominikasyon Avèk Donatè Yo

Bati yon rezo solid ki gen donatè ki angaje nan misyon ak vizyon w endispansab pou soutni travay ak enpak nenpòt òganizasyon benevòl.

Rezilta sa bay lè gen bonjan kominikasyon avèk donatè yo:

- Ou kapte atansyon yo
- Ou bati yon relasyon konfyans e yo konte sou ou
- Ou pèmèt yo gen konesans e konprann travay w ap fè a, enpak travay sa genyen ak rezon ki fè l enpòtan

Bati Relasyon. Kominikasyon avèk donatè yo vle di plis bagay pase yon senp kominikasyon

- Sa vle di bati yon relasyon
- Ou asire w byen prezante nan premye kontak la
- Fè l pou l benefik mityèlman
- Envesti tan
- Bay plizyè mwayen kontak
- Kominikasyon nan toulède sans yo

Etap Pou Kreye Yon Plan Kominikasyon Avèk Donatè

Mete w nan plas yo pou w ka konprann fason yo wè bagay yo.
Menm jan avè w, moun k ap travay nan fondasyon yo gen yon travay pou yo fè. Yo gen yon misyon e yo vle pote chanjman.

- Aprann konnen sa yo vle reyalize ak dispozisyon y ap pran pou yo reyisi.
- Aprann konn nan kisa yo kwè.
- Aprann konn sa k enpòtan pou yo.
- Pandan w ap chèche èd nan men donatè pou kore objektif ou yo, donatè a li menm ap analize ki envestisman k ap ede l atenn pwòp objektif pa l.
- Reflechi sou fason travay ou planifye pou w fè a koresponn ak objektif pa yo ak sa k enpòtan pou yo.

Adapte pozisyon w ak mesaj ou a ak:

- Pwoblèm ki enpòtan pou donatè a:
- Kategori moun ou vize yo ak priyorite yo.
- Demontre ijans pwoblèm lan.
- Pa annik kwè donatè yo konprann sa k lakoz pwoblèm ou an.

Gade Pi Lwen Pase Lajan

Reflechi sou lòt fason pou w angaje fondasyon/donatè ki gen bagay ki pi enpòtan pase lajan pou yo bay

- Anpil donatè gen kontak espesyalis wo nivo e yo gen enfòmasyon ki baze sou eksperyans yo te fè
- Donatè yo ka sèvi kòm “kontak” pou prezante w bay lòt gwo òganizasyon, dirijan ak kòlèg ki nan rezo yo
    - Travay ak lòt patnè ki nan sektè w ap evolye a e ki nan lòt sektè pou w ka pouse misyon w lan pou pi devan

Se pou w fè jès ak lòt moun tou

- Se pou w toujou ap verifye ak responsab pwogram yo pou w ka konn sa y ap regle
- Pataje nivo ou rive nan travay w ap fè a (leson w aprann, rezilta w jwenn ak enpak yo)
- Sèvi kòm resous pou donatè yo jwenn enfòmasyon. Pataje enfòmasyon lokal konsènan kominote a ak pwoblèm ki poze a
- Se pou w yon asosye k ap pataje ide

Fondasyon Kresge (The Kresge Foundation)

Fondasyon Kresge ap travay yon fason pou l jwenn resanblans ki gen ant uit pwogram ak metòd nan domèn tankou anviwònman, lasante, edikasyon, atizay ak kilti, epi ogmante posibilite ki gen nan vil Ozetazini yo. Kresge ap fè yon gwo travay nan kèk kote tankou Detroit, New Orleans ak Memphis.

Nan lane 2020, Fondasyon Kresge te dispoze $9.2 milyon sibvansyon pou 26 òganizasyon ki pran latèt nan kad travay yo e k ap fè fas ak enjistis ak sistèm ki met moun apa yo epi kreye solisyon ki konsantre sou kominote a. Plizyè sibvansyon yo te bay òganizasyon k ap fonksyone nan New Orleans yo se pou bati yon anviwònman ki soutni ti konpayi kote se moun ki gen koulè po fonse ki mèt yo, grasa yon pi bon aksè ak lajan epi vize èd nan domèn teknik.

Pwogram ak metòd pou envestisman:

- Vil Ozetazini yo
- Atizana ak kilti
- Detroit
- Edikasyon
- Anviwònman
- Lasante
- Sèvis sosyal
- Metòd envestisman onivo sosyal

Vil prensipal yo:

Detroit: Vil kote Kresge te kòmanse a te toujou osant travay y ap fè a Travay k ap fèt nan moman yo se pou gen ekite epi remanbre katye a.

Memphis: Kresge kolabore ak dirijan lokal yo pou tradui leson ki soti Detroit a Memphis epi travay sou kesyon ekite a.

New Orleans: Nan New Orleans, Kresge ap eseye ogmante posibilite ki gen nan vil la epi lite kont chanjman klimatik la tout pandan l ap travay sou ekite onivo ekonomik ak rasyal.

Bloomberg Philanthropies (BGI)

Pwogram BGI yo te envesti nan:

- Diminye Dèt Nan Lekòl Medsin Ki Gen Yon Istwa Ki Gen Rapò Ak Moun Nwa.
- Soutni Lekòl Medsin Ki Gen Yon Istwa Ki Gen Rapò Ak Moun Nwa pou fasilite Sansibilizasyon Pou Vaksen
- Kreye Varyete Onivo STEM yo

Domèn yo soutni:

- BGI ap eseye rezoud pwoblèm enjistis ki anrasinen nan sistèm nan anndan kominote Moun Nwa Ozetazini e li fè sa nan rejyon tankou Tulsa, Los Angeles ak Baltimore.
- Finanse Pi Gwo Objektif se yon okazyon BGI genyen pou l:
    - Kontinye misyon l lè l rive sou popilasyon ki pa touche yo: Kominote nan MS ki gen yon Istwa parapò ak moun Nwa.
    - Rete konsantre sou misyon l genyen ki se atake “enjistis ki anrasinen nan sistèm nan” lè l ogmante finansman l.
- Objektif ki Pi Gwo yo la pou bay devlòpman nan domèn pwofesyonèl pou kesyon sante men nan domèn komès, edikasyon, atizay/kilti tou, pou moun ki abite nan MS yo.

Pwogram Sibvansyon

Bloomberg Greenwood Initiative (BGI)

Vizyon Greenwood Initiative se pou l ogmante nivo rapidite moun ak fanmi ki Nwa pou yo rasanble richès, epi lite kont pwoblèm ki fè moun nan Kominote nwa a pa envesti ase.

Richès moun nwa

Rasanble richès

Finansman biznis

Richès nan kominote a

Benefisyè

Higher Purpose Co.

Misyon Higher Purpose Co. se rasanble richès nan kominote moun Nwa ki abite Mississipi lè l sipòte kapasite yo genyen pou yo gen pouvwa nan domèn finansye, kiltirèl ak politik.

Metòd Pou Angajman Donatè Yo

Kreye Zouti Kominikasyon Ki Esansyèl Pou Angajman Donatè yo

Òganizasyon w lan dwe mete sijè sou pye atravè yon seri zouti esansyèl pou kominikasyon epi kreye yon liy kominikasyon dirèk e ki diferan ak moun ki ka vin donatè, epi kontinye kenbe relasyon nou te gentan bati.

Metòd Kominikasyon:

- Analiz sitiyasyon ki gen rapò ak travay w ap fè a
- Sit entènèt
- Temwayaj moun ki fè pati kominote a
- Enfòmasyon ak analiz
- Konvèsasyon ki toujou fèt atravè imel, videyo oswa an pèsòn
- Pataje yon pati nan sa k soti nan nouvèl/atik

Analiz sitiyasyon yo gen rezònman ki pou soutni sa w ap defann nan — rezònman w lan dwe dirèk, fasil pou konprann e l dwe kapte atansyon yon gwo kategori envestisè.

Analiz sitiyasyon an dwe:

- Bay detay sou pwoblèm nan
- Fè konnen apwòch ou/aktivite w ap evolye ladan l lan
- Demontre enpak yo
- Mete aksan sou donatè yo e di fason w te sèvi ak lajan yo te bay la

Lè w ap pale ak moun ki ka vin donatè yo, ou dwe sèvi ak analiz sitiyasyon an pou w esplike posibilite ki genyen pou gen pwogrè ki fèt ak fason donatè yo ka angaje yo yon fason aktif nan òganizasyon w lan.

Enfòmasyon ak analiz

Donatè yo vle konnen ki enpak travay w ap fè a genyen. Enfòmasyon ak analiz endispansab pou w montre nan ki pwen w ap lite kont pwoblèm w ap eseye rezoud yo, sa w ap aprann ak fason w planifye sèvi ak sa w aprann yo pou w amelyore travay w ap fè a pou l bay pi bon rezilta posib.

Li ka difisil pou w mete yon chif sou rezilta travay ou a genyen. Men, enfòmasyon se sa k ede donatè yo pran desizyon ki byen reflechi. **Lè w rasanble enfòmasyon e w suiv rezilta yo, se yon fason pou w montre donatè a rezon ki fè l ta dwe soutni travay w ap fè a.**

Zouti pou w rasanble enfòmasyon

- Rakonte istwa: Fè moun ki te benefisye sèvis ou yo rakonte fason sa te ede yo oswa kominote yo.
- Sondaj: Poze kesyon byen presi konsènan pwogram, kanpay oswa evènman òganizasyon w lan, pou w ka suiv pwogrè ak rezilta yo
- Fèy Prezans: Konte konbyen moun ki vin nan evènman òganizasyon w lan
- Konvèsasyon an gwoup oswa entèvyou: Pale dirèkteman ak moun ki nan kominote w ap eseye ede yo

Kou w fin rasanble enfòmasyon w bezwen yo, lòt etap la se pou w gade ki fason w pral pataje yo ak donatè yo. Ou ka fè sa pa mwayen:

- Enfografi
- Rapò sou rezilta yo
- Piblisite medya fè pou ou san w pa mande oswa peye pou sa
- Imèl ak rezo sosyal

Temwayaj moun fè

Pou moun ki ka vin donatè yo, temwayaj moun fè ka enpòtan anpil. Yo pèmèt donatè yo tande temwayaj lòt moun, moun ki nan kominote a, benevòl, oswa moun nan ekip la konsènan fason travay òganizasyon an ap fè a te ede yo menm oswa kominote a.

Fason pou w jwenn temwayaj:

- Kenbe kontak ak moun ki te benefisye yo, moun nan kominote a oswa benevòl yo, epi mande yo sa yo panse. Ou ka rasanble opinyon moun yo pa mwayen rezo sosyal, Survey Monkey, oswa Google Forms
- Ankouraje moun ki nan rezo w la pou yo anrejistre yon videyo tou kout konsènan travay òganizasyon w lan ap fè ak fason yo patisipe nan travay sa a
- Kreye yon paj ki rele “pataje eksperyans ou” k ap pèmèt moun yo pataje istwa yo



Metòd Kominikasyon Ak Donatè Yo

Anplis de finansman fondasyon yo, don lòt moun deside fè poukont yo reprezante yon gwo pati nan lajan yon òganizasyon benevòl rive ranmanse. Li enpòtan pou w bati yon relasyon ak donatè yo epi toujou ba yo dènye enfòmasyon konsènan travay w ap fè a pou w ka pouse yo kontinye bay.



Sit entènèt



Imèl



Rezo Sosyal

Sit entènèt

Sit entènèt ou a se yon mwayen w genyen pou w byen prezante premye fwa yon moun ki ka vin donatè pran kontak avè w Atire atansyon moun nan sou prensipal envitasyon pou poze aksyon w ap fè a Yon bèl aparans enpòtan pou pèmèt envitasyon pou poze aksyon w lan diferan. Reflechi sou posibilite pou w mete yon paj espesyal pou donatè/moun ki vle bay lajan.

Imèl

Imèl se yon eleman ki enpòtan anpil nan kesyon ranmase lajan sou entènèt.

Separe lis ou a: Li enpòtan pou w adapte pwogram imèl ou a ak diferan kategori moun ki fè pati piblik la pou w ka kenbe yon lis ki itil, lè w voye enfòmasyon enpòtan bay piblik ou a. Epi sa ede w kenbe donatè yo e sa pèmèt ou adapte bouyon imèl ou a avè yo epi fè demann.

Voye imèl nan objektif pou w rasanble lajan: Premye etap nan rasanble lajan an se mande; se pou sa l enpòtan pou w voye demann sa a nan imèl ki nan lis ou a kou sa posib.

Sèvi ak metòd rakonte istwa a: Pataje istwa moun nan kominote a ak moun ki benefisye yo.

Bay donatè yo detay konsènan rezilta yo nan imel w ap voye a: Pa jis mande moun ki nan lis la pou fè yon don. Apre sa, voye di yo sa w te fè ak kado yo te bay la, si se yon pwojè oswa pwogram ou te met sou pye avè l. Pran tan pou w remèsye yo epi ankouraje yo pou yo bay pi gwo kado oswa pou yo kontinye bay.

Sèvi ak yon sèl envitasyon pou poze aksyon. Imèl ou a dwe gen yon objektif ki se mande piblik la pou yo fè don. Si w vle pou moun k ap li l la fè yon don, asire w sèl demann w ap fè nan imèl la se pou moun nan fè yon don e sèl lyen ki pou nan mesaj ki nan imèl la dwe voye moun nan sou paj ou fè pou w rasanble lajan an.

Imèl (rès la)

Siveye bwat imèl ou: Non sèlman plan byen reflechi nan domèn entènèt se yon syans, men se yon bèl bagay li ye tou. Li enpòtan pou w veye detay k ap pèmèt ou wè rezilta imèl la bay, sa yo rele (KPIs) la, tankou pousantaj moun imèl la rive jwenn, pousantaj moun ki ouvri l, pousantaj moun ki dezenskri nan lis la, pousantaj moun ki klike sou lyen an ak pousantaj moun ki fè sa w t ap atann nan; detay sa yo ap ede w konprann nan ki pwen imèl ou yo efikas epi w ap ka adapte w ak reyalite a.

- Pousantaj ki gen rapò ak ouvri imèl la montre pousantaj moun ki resevwa l e ki ouvri l. Si pousantaj moun ki ouvri l la fèb, se ka paske sa w mete nan objè imèl la pa entèresan, moun nan pa sèvi ak imèl sa ankò, sa k nan imèl la pa adapte ak moun ou voye l la pèsonèlman oswa ou voye imèl sa yo bay menm moun yo twò souvan.
- Pousantaj klik la se pousantaj moun ki klike sou omwen yon lyen w te met nan imèl la. Si pa gen anpil moun ki klike sa vle di envitasyon pou poze aksyon w lan pa solid oswa atiran, oswa ou te mande moun yo yon pakèt bagay nan menm imèl la.
- Moun ki retire imèl yo se moun ki retire imèl yo nan lis ou a. Separe lis ou a, adapte imèl ou yo ak moun k ap resevwa l yo epi si w kite tan pase anvan w revoye yo, sa ka fè kantite moun k ap dezenskri imèl ou yo vin diminye.

Se pou w itilize estrateji:

- Kreye yon kalandriye ki gen dat w ap voye imèl ale; ou ka fè sa chak mwa oswa chak de semèn, pou w ka pi byen planifye imèl yo e pou w pa bonbade moun ki nan lis ou a.
- Chanje moun ou bay voye imèl yo tanzantan pou w ka kreye yon gwoup pèsonaj k ap pataje istwa òganizasyon w lan. Sa ap ede òganizasyon w lan panche sou moun epi kreye yon imaj moun ka fè konfyans.
- Pwofite moman tankou Giving Tuesday oswa moman nan fen ane a kote òganizasyon benevòl yo rasanble plis lajan.

Li enpòtan pou orè ou voye imèl ou a byen fèt pou w pa bonbade moun ki nan lis ou a ak twòp mesaj. Si moun nan lis ou a santi yo bouke avè w, yo ka pa ouvri mesaj ou voye yo e sa ap diminye pousantaj moun ki ouvri imèl yo; yo ka rapòte imèl ou a kòm mesaj yo pa bezwen, sa k ap fè mesaj ou voye yo tonbe dirèkteman nan bwat imèl yo pa bezwen; oswa yo ka retire imèl yo a nan lis ou a, e mesaj ou yo pral tonbe nan bwat imèl yo pa bezwen.

Rezo Sosyal

Non sèlman rezo sosyal yo enpòtan pou fè piblisite pou yon mak, men tou yo pèmèt konpayi yo bati yon kominote ki aktif sou entènèt. Menmsi, an jeneral rezo sosyal se pa mwayen prensipal moun rasanble lajan, li ka ede w nan plan w mete sou pye pou w jere ak reyisi nan travay w ap fè a.

Rezo sosyal se yon mwayen enpòtan tou pou w rete konekte ak donatè yo. Donatè yo ap pataje travay w ap fè a sou paj yo, nan kanpay imèl, rapò yo fè chak ane ak entèvyou yo fè ak jounalis, sa k ap fè yo fè plis piblisite pou ou, plis moun ap vin fè w konfyans e sa ka fè w vin jwenn lòt envestisman.

Men sa w ta dwe gen nan plan w pou rezo sosyal:

- Fè yon kalandriye kote w gen jou pou w poste
- Konsantre sou bati ak konsève relasyon
- Mete imaj ak videyo

